



OIDO

Office of the Immigration
Detention Ombudsman

DA NGA SOXLA NDIMBAL?

Biro bii Teye Wëy Gaddaay yi bu Ombudusman (OIDO) nekk na ab biro bu taqqul fenn— bu wuute ak ICE ak CBP— ak CBP buy ligeey ci toppatoo nit ñi ak fexe ba dundin u ñëpp ñi ñu tëj walateye ndax mbir um gaddaay ci biir U.S. nekk ci kaaraange.

Mën nga nettali bepp jafe-jafe—yu ci mel ni fitnaal, lekk wala paj bu bon, wala dundin gu naqqari am ñakk kaaraange—ca toppatookat u kaa bu OIDO bu nekk ci sa barab.



**FITNA CI YARAM, XEL,
WALA CI YEG-YEG**



**LEKK WALA PAJ MU
BON**



**DËKKIN GU BON WALA
ÑAKK KAARANGE**

Ñaxtu yi ñu dugal ak OIDO da ñu leen di dugal ci sutura, te toppatookat u kaa yi du ñu siiwal benn xibaar ci sa wall u kaa te anduloo ci. Wax ak ab toppatookat u kaa u OIDO wala dugal ab ñaxtu du am benn jeexital ci sa kaa u kaddaay wala sa nekkin u aji tëj.

Toppatookat u kaa u OIDO ay ligeeykat yu ñu taggat te xarañ itam nekk ñu nand bu baax jafe-jafe tëj gi ak barab yi ci wall u gaddaay te sawar na ñu ci dimbali la.

Ngir dugal ab ñaxtu, laajal gise ak toppatookat u kaa bu OIDO bu nekk sa barab. Sa jaboot, ki lay nekkal ci kanam u yoon, wala keneen koo yobbante di na la mën a dugal al ñaxtu bi ci sa tur ci [dhs.gov/OIDO](https://www.dhs.gov/OIDO).



OIDO nekk na ab biro bu taqqul fenn te nekk ci biir Departamaa u Kaaraange u Biir Reew mi (Department of Homeland Security, DHS).

www.dhs.gov/OIDO